



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE SIBVANSYON FEDERAL 50 MILYON DOLA
CHOICE NEIGHBORHOODS LA POU SIPÒTE JISKA 1,400 NOUVO KAY NAN
SYRACUSE**

***Sibvansyon federal yo bay Otorite Lojman Syracuse pral ede revitalize katye
istorik Syracuse ak reyamenaje lojman piblik***

***Baze sou angajman Gouvènè Hochul pou abòde kriz lojman New York la nan
ogmante apwovizyonman lojman nan tout eta a***

Jodi a, Gouvènè Hochul selebre sibvansyon federal 50 milyon dola bay Otorite Lojman Syracuse (Syracuse Housing Authority, SHA) atravè [sibvansyon 325 milyon dola nan Choice Neighborhoods](#) Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (Housing and Urban Development, HUD). Finansman sa a pral itilize pou avanse Nouvo Plan Transfòmatè 15th Ward/East Adams, yon pwòje 12 faz ki vize revitalize yon katye istorik Syracuse ak reyamenajman Pioneer Homes – premye kominote lojman piblik nan Eta New York – McKinney Manor, ak divès teren vid. Administrasyon an te travay san pran souf ak Syracuse ak patnè yo pou jwenn sibvansyon nasyonal ki trè konpetitif sa a. Pwòje sa a se yon eleman enpòtan ak konplemantè nan pwòje retire Vyadik Interstate 81 Eta a.

"Sibvansyon 50 milyon dola sa a pral sipòte jiska 1,400 nouvo kay epi ede nou kontinye alimante retou Syracuse," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk arive Micron, revitalizasyon I-81 an, ak investisman rekò nan mendèv ak edikasyon, investisman sa a ap baze sou travay eta nou an ap fè pou satisfè demann k ap grandi pou lojman ak transfòme Vil Syracuse. Mwen remèsye administrasyon Biden, Lidè Schumer ak Senatè Gillibrand paske yo ede fè avanse vizyon nou pou lavni Sant New York."

Sibvansyon federal Choice Neighborhood 50 milyon dola a pral sipòte plan Otorite Lojman Syracuse pou ranplase plis pase 600 lojman piblik ki gen gwo detrès ak asiste ak lojman bon jan kalite pou moun ki gen revni melanje. Nan reyamenaje 48 ekta kare, katye East Adams Street ki nan distans 27 blòk, pwòje a gen pou objektif amelyore rezilta fanmi k ap viv nan zòn nan lè li kreye yon rezèv pou edikasyon "depi nan bèso rive nan inivèsite" ki pral bay plas pou edikasyon timoun piti pou tout timoun 0-4 ane ak

elaji pwogram ki ogmante pousantaj gradyasyon, ansanm ak preparasyon pou inivèsite ak karyè. Anplis de sa, plan Otorite Lojman an mande nouvo pwogram sante, byennèt ak lwazi ak enstalasyon pou kominote a ansanm ak sipò pou inisyativ devlopman ekonomik ak opòtinite ekonomik enklizif. Finansman an pral itilize tou pou amelyorasyon enfrastrikti ki gen ladan yo eliminasyon sipèblok yo, kreyasyon nouvo lari pou pèmèt koneksyon ak rezo wout la, amelyore peyizaj lari yo ak pasaj pyeton yo, ak yon wout vèt nan katye ki konekte pak Wilson ak Roesler.

Prim federal la se yon pati nan yon investisman 325 milyon dola atravè sibvansyon Choice Neighborhood HUD pou konstwi nouvo kay abòdab, ankouraje devlopman ekonomik, ak revitalize katye nan kominote yo atravè peyi a. Prim yo pral konstwi plis pase 6,500 inite nouvo lojman, sipòte ti biznis yo, bati sant gadri ak nouvo pak, epi yo pral itilize pou mobilize plis pase 2.65 milya dola nan plis investisman piblik ak prive nan katye sa yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Sibvansyon federal 50 milyon dola yo te anonse jodi a pral kontinye trajektwa asandan Syracuse epi li pral bati sou angajman Gouvènè Hochul te pran pou ogmante rezèv lojman epi rann lojman pi bon mache. Avèk investisman sa a, Otorite Lojman Syracuse ka revitalize pwopriyete ki nan detrès ki sèvi yon bezwen kritik pou lojman nan vil la. Sibvansyon Choice Neighborhoods sa a ouvri wout pou 1,400 nouvo kay, revitalize yon katye istorik nan vil la, epi leve fanmi yo lè li bay gwo opòtinite pou viv, aprann, ak pwospere nan kote yo rele lakay yo. Felisitasyon pou vil Syracuse ak mèsè ak patnè federal nou yo paske yo fè jounen sa a posib."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Finansman federal sa a baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l abòde kriz lojman New York la pou fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Nan kad bidjè ane fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York atravè ankourajman pou konstwi lojman nan tout eta a, zouti pou ede Vil New York bati plis lojman, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi jiska 15,000 nouvo kay sou tè eta a, ak 600 milyon dola nan amelyorasyon kapital pou sipòte lojman nan tout eta a. Nan kad bidjè ane fiskal 2023 adopte a, Gouvènè a te asire tou finansman pou yon plan lojman 25 milya dola sou senkan pou konstwi ak prezève 100,000 kay abòdab.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)